दिन–शुक्रवार दिनांक–09.08.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव आइ रेलवे संशोधन विधेयक दू हजार चौबीस लोकसभा मे प्रस्तुत कयलनि। विधेयक मे भारतीय रेलवे बोर्ड अधिनियम उन्नैस सय पाँचक प्रस्ताव के रेलवे अधिनियम उन्नैस सय नवासी मे सम्मिलित कऽ कानूनी प्रारूप के सरल बनेबाक प्रस्ताव अछि। विधेयक प्रस्तुत करैत श्री वैष्णव कहलनि जे एहि विधेयक सँ बोर्डक शक्ति आ रेलवेक दक्षता मे सुधार होयत।

---

भाजपाक अनुसूचित जाति आ अनुसूचित जनजाति समुदायक लोकसभा आ राज्यसभा सांसद सभ आइ संसद भवन मे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सँ भेट कयलनि। ई सांसद लोकनि संयुक्त रूपें अनुसूचित जाति आ अनुसूचित जनजातिक लेल आरक्षण मे क्रीमी लेयर व्यवस्था पर सर्वोच्च न्यायालयक सुझाव सभक संबंध मे एक ज्ञापन सौंपलनि। बैसकक बाद मीडिया सँ गप करैत भाजपा सांसद भोला सिंह कहलनि जे हुनक मांग अछि जे एहि निर्णय के लागू नहि कयल जयबाक चाही। ओ जनौलनि जे प्रधानमंत्री आश्वासन देलनि जे ई मात्र शीर्ष न्यायालयक एक सुझाव अछि।

---

देशभक्तिक भावना के बढ़ावा देबाक लेल देश मे हर घर तिरंगा अभियान आइ सँ पन्द्रह अगस्त धरि चलाओल जा रहल अछि। केन्द्रीय संस्कृति आ पर्यटन मंत्री गजेन्द्र सिंह शेखावत लोक सभ सँ अनुरोध कयलनि जे ओ घर पर तिरंगा फहराबथि आ तिरंगाक संग सेल्फी लऽकऽ हर घर तिरंगा वेबसाइट पर अपलोड करथि। एहि दरमियान देशभरि मे दू सय सँ बेसी सांस्कृतिक कार्यक्रमक आयोजन कयल जायत आ तेरह अगस्त के संसद सदस्य आ मंत्री तिरंगा आ बाइक रैली निकालताह। हर घर तिरंगा अभियान वर्ष दू हजार बाईस मे शुरू कयल गेल छल।

———————————————————————————

प्रदेशक विभिन्न भाग मे भऽ रहल वर्षाक कारणेँ नदी सभक जलस्तर मे वृद्धि भेल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटना मे गंगा नदीक बढैत जलस्तरक जायजा लेलनि। मुख्यमंत्री एहि दरमियान जे.पी गंगा पथक कंगनघाट, कालीघाट, गांधीघाट आ कृष्णाघाटक निरीक्षण कयलनि। ओ अधिकारी सभ कँ गंगा कातवला क्षेत्र सभ मे बढ़ि रहल जलस्तर के ध्यान मे रखैत सतर्क करबाक निर्देश देलनि।

———————————————————————————

भारतीय मानक ब्यूरोक महानिदेशक प्रमोद कुमार कहलनि जे आयुष क्षेत्र मे मानकीकरणक लेल एक विभाग स्थापित कयल जायत। एहि विभाग मे जानल मानल विशेषज्ञ लोकनिक नेतृत्व मे आयुष विभागक सात अनुभागीय समिति सभ के सम्मिलित कयल जायत। श्री कुमार कहलनि जे ई विभाग आयुष उत्पाद आ पद्धति सभक सुरक्षा, प्रभावकारिता आ गुणवत्ता के बढ़ावा देबा पर ध्यान केन्द्रित करत। मानकीकरणक एहि प्रक्रिया मे आयुर्वेद, योग, प्राकृतिक चिकित्सा, यूनानी चिकित्सा, सिद्ध सोवा रिग्पा आ होम्योपैथी ऐहेन पारम्परिक भारतीय चिकित्सा प्रणाली सभ के सम्मिलित कयल जायत। आयुषक लेल मानकीकरण गतिविधिक प्रक्रिया आ संरचनाक संबंध मे जनबैत ओ कहलनि जे ई समिति सभ राष्ट्रीय आ अंतर्राष्ट्रीय दिशा निर्देशक अनुरूप व्यापक साक्ष्य आधारित मानक सभ के सुनिश्चित करबाक लेल विभिन्न हितधारक के संग मिलिकऽ काज करत।

———————————————————————————

राज्य सरकार प्रदेशक सभ मठ, मंदिर आ ट्रस्टक राज्य धार्मिक बोर्डक अधीन निबंधन अनिवार्य कऽ देलक अछि। विधि मंत्री नितिन नवीन कहलनि जे एहि धार्मिक संस्था सभक अचल संपत्ति बोर्डक वेबसाइट पर उपलब्ध होयत। विधि मंत्री सभ जिलाधिकारी लोकनि कँ निबंधनक काज प्राथमिकताक आधार पर करबाक निर्देश देलनि।

———————————————————————————

मॉनसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक विभिन्न भाग मे वर्षाक क्रम जारी अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक दरमियान नालंदाक नगरनौसा मे सभ सँ बेसी छियानवे दशमलव चारि मिलीमीटर वर्षा दर्ज कयल गेल। ओतहि, किशनगंजक गलगलिया मे अस्सी दशमलव चारि आ पटनाक दानापुर मे बहत्तरि मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला पाँच दिन धरि राज्य मे मॉनसून सक्रिय रहत। संगहि, अगिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक अधिकतर भाग मे हल्का सँ मध्यम वर्षा आ एक सँ दू स्थान पर भारी वर्षाक संभावना अछि।

———————————————————————

नेपालक जलग्रहण क्षेत्र मे भऽ रहल भारी वर्षाक कारणे प्रदेशक अधिकांश नदीक जलस्तर मे लगातार वृद्धि भऽ रहल अछि। केन्द्रीय जल आयोग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार गंगा नदीक जलस्तर पटनाक गांधीघाट मे खतराक निशान सँ छत्तीस सेंटीमीटर आ हथिदह मे आठ सेंटीमीटर ऊपर बहि रहल अछि। ओतहि, भागलपुरक कहलगांव मे सेहो गंगा नदी चेतावनीक स्तर के पार कऽ गेल अछि। गंडक नदी गोपालगंजक डुमरिया घाट मे बूढ़ी गंडक नदी खगड़िया मे, कमला–बलान मधुबनीक झंझारपुर मे आ परमान नदी अररिया मे खतराक निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि।

———————————————————————

समाप्त